**Qaraqalpaqstan Respublikası**
**Statistika basqarması**

# *Jalpı aymaqlıq ónim*

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2020-jıl yanvar-martta Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha jalpı aymaqlıq ónim (keyingi orınlarda - JAÓ) kólemi hárekettegi bahalarda 3 955,1 mlrd. sumdı quradı hám 2019-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 3,9 % ke ósti.

2020-jıldıń yanvar-mart ayları juwmaqları boyınsha xalıqtıń jan basına JAÓ 2 080,4 mıń sumdı quradı hám bul kórsetkish ótken jılǵa salıstırǵanda 2,4 % ke astı.

Ózbekstan Respublikasınıń JIÓ ne Qaraqalpaqstan Respublikası qosqan ulesi 3,6 % ne tuwra keledi

**Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ di islep shıǵarıw**

| | *Mlrd. sum* | | *2019-jıl yanvar-martqa salıstırǵanda % te* |
|---|---|---|---|
| | *2019-jıl yanvar-mart* | *2020-jıl yanvar-mart* | |
| **I. JAÓ** | **3 426,4** | **3 955,1** | **103,9** |
| *sonnan:* | | | |
| Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 3 066,2 | 3 617,2 | 103,9 |
| Ónimlerge bolǵan salıqlar | 360,2 | 337,9 | 104,1 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **3 066,2** | **3 617,2** | **103,9** |
| Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı | 401,7 | 481,4 | 104,3 |
| Sanaat (qurılıstı qosqan halda) | 1 395,4 | 1 599,8 | 105,0 |
| sanaat | 1 143,0 | 1 304,6 | 106,1 |
| qurılıs | 252,4 | 295,2 | 100,4 |
| Xızmetler | 1 269,1 | 1 536,0 | 102,5 |
| sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 195,6 | 223,0 | 101,4 |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs | 229,5 | 267,1 | 107,3 |
| basqa xızmet túrleri | 844,0 | 1 045,9 | 101,5 |

Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikanıń tiykarǵı tarawlarında gúzetilgen ósim pátleri JAÓ ósiwinde tiykarǵı faktor bolıp xızmet qıldı. Atap aytqanda awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında ósim páti - 104,3 % (JAÓ quramındaǵı úlesi 13,3 %), sanaat (qurılıstı qosqan halda) - 105,0 % (44,3 %) hámde xızmetler tarawında - 102,5 % (42,4 %) quradı.

**2020-jil yanvar-martta JAÓ niń ekonomikliq xızmet túrleri boyınsha ósim pátleri**




Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikasınıń barlıq tarawlarında jaratılǵan jalpı qosılǵan qun (JQQ) kólemi jámi JAÓ niń 91,5% in, ónimlerge bolǵan salıqlar bolsa 8,5 % in quradı.

Sanaat (qurılıstı qosqan halda) tarawınıń JAÓ quramındaǵı úlesi 1,2 % punktke kemeydi hám esabat dáwirinde 44,3 % ti quradı. Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı JAÓ niń tarawlari boyinsha quramındaǵı úlesi 0,2 % punktke astı hám 13,3 % ti quradı. Xızmetler tarawınıń JAÓ quramındaǵı úlesi 2020-jıl yanvar-mar aylarinda 42,4 % ti quradı hám 2019-jıldiń tiyisli dáwiri (41,4 %) menen salıstırǵanda 1,0 % ke ósti.

***Jalpı aymaqlıq ónimniń tarawlar boyınsha quramı (jámige salıstırǵanda % da):***

**2019-jil yanvar-mart**




**2020-jil yanvar-mart**




Sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerdiń JAÓ quramındaǵı úlesi 6,2 % ti (2019 j. yanvar-mart 6,4 %), tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs 7,4 % ti (7,5%), xızmet kórsetiwshi basqa tarawlar 28,8 % ti (27,5 %) quradı.

Qaraqalpaqstan Respublikası
Statistika basqarması

## Xızmetler tarawınıń jalpı qosılǵan qun quramı (jámine salıstırǵanda payızda):

### 2019-jil yanvar-mart




### 2020-jil yanvar-mart





*Statistika jumısların shólkemlestiriw hám ulıwmalastırılǵan málimleme-tallaw jumısları bólimi*

Tel.: (0-361) 222-74-58;

(0-371) 230-82-03